

Date : November 27, 2016

Nimewo Pwogram Nan : 1015

Tit Pwogram Nan : Jak 3:15-4:4

Bonjou, bonswa byenvini nan etid la pou jounen an. N'ap konsidere Jak 3 :15-4 :4.

Annou priye Bondye.

Mèsi Senyè pou jounen jodia. Mèsi pou etid jodia. Tankou nan tout bagay nan lavi nou, nou ta renmen se Ou ki pran kontwòl tou sa ki fèt e ke se Ou e Ou menm sèl ki glorifye nan tout bagay. Se nan non Bondye pitit la, Sovè e Senyè Jezikri nou priye w, amèn.

Ou nan etid bibliik Atravè Labib. Pasaj nou pou jounen an se Jak 3 :15-4 :4.

Jak 3 :15 *Bon konprann konsa pa soti nan Bondye, li soti nan lemonn, nan moun ak nan dyab la.*

Jak di byen klè jalouzi ak konfli pa soti nan Bondye. Yo pa soti nan Li menm paske sa yo se bagay lemonn, bagay sansyèl bagay mechan.

Gen yon otè enkoni ki fè yon deklasyon pou di: " Konesans fyè ke l' tèlman konnen; Sajès rabese l ke l pa konn anyen ankò."

Jak 3 :16 *Paske, kote ki gen jalouzi, kote moun ap kouri dèyè enterè pa yo, fòk gen dezòd ak tout kalite mechanste.*

Yon lang san kontwòl pwodwi jalouzi ak konfli ki mennen nan dezòd ak tout kalite mechanste. Labib endike klèman se pa Bondye ki kreye konfizyon, Li pa yon Bondye konfizyon. Konfizyon nou jwenn nan monn nan jodia se travay Satan k ap sèvi ti zouti tou piti a, lang moun, pou kreye tout pwoblèm sa yo. Vèsè sa a byen mache ak sa Jak va di nan pwochen chapit la kote l' va defini sa mondanite vrèman ye.

Jak 3 :17 *Pou konmanse, moun ki gen bon konprann ki soti nan Bondye a ap fè volonte Bondye, l'ap viv byen ak tout moun, l'ap respekte tout moun, l'ap tande rezon, l'ap gen kè sansib, l'ap fè anpil anpil byen, li pa nan de fas ni nan ipokrit.*

« *Pou konmanse, moun ki gen bon konprann ki soti nan Bondye a ap fè volonte Bondye...* » Gen lòt vèsyon ki itilize yon adjektif isit la pou di « se yon bon konprann ki pi. » Bon konprann « pi » a vle di li pa melanje ou nan konpwomi ; li san dekoupe, li orijinal. Se sajès ki desann soti nan Bondye e Jak prezante fwi li yo di : « *... l'ap viv byen ak tout moun, l'ap respekte tout moun, l'ap tande rezon, l'ap gen kè sansib, l'ap fè anpil anpil byen, li pa nan de fas ni nan ipokrit.* »

Dr. Samuel Zwemer mansyone reyalite ke fo ansèyman toujou mennen nan konfli ak jalouzi ak pwoblèm. Li di : « Ou pa ka esplike mechanste ki gen nan monn nan sou sèl baz imanite. Se lòm plis yon bagay, e se sa k esplike relijyon ki pa kretyen yo ap byen mache konsa. Yo sipènatirèl men se pa anba nan rasin. » Zanmi, ou mèt kwè m, nenpòt bagay ki lakòz divizyon ak konfli, e sa nan nenpòt asanble w ta va jwenn li a, pa soti nan Bondye. Ou mèt ap vante tèt di jan w se yon fondamantal, si w se yon moun k ap kreye konfli, ou nan move plasman.

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Jak 3 :18 *Moun k'ap chache pou lèzòm viv byen yonn ak lòt, y'ap travay ak kè poze pou yo ka rekòlte yon lavi ki dwat devan Bondye.*

Sa yo se fwi lafwa. Fòk gen sa ki dwat anvan gen lapè. Franchman m swete konsèp sa a ta rive jwenn moun Nasyonzini yo. M swete l' ta rive jwenn Washington, D.C., e Moscow e Peking e lòt gran kapital yo nan monn nan. Ou pa ka gen lapè san ladwati. Gen yon jou k ap vini, selon sa Salmis lan di nan Sòm 85:10, lè jistis ak lapè va anbrase yonn lòt. Men jodia malerezman yonn pa konn lòt, menm si yo ta va rakontre yonn pap menm rekonèt lòt.

Chapit 3 a mete yon fen nan premye gran divizyon epit Jak la kote Jak t ap pale sou verifikasyon lafwa otantik la. Gen diferans nan lafwa pa egzanp: ou ka plase lafwa a move kote, oswa ou ka jis souke tèt e rele sa lafwa, men lafwa ki sove a se lafwa ki pwodwi bon zèv.

Nan twa premye chapit yo, Jak te montre nou divès fason Bondye teste lafwa nou pou konnen si l' otantik. Tou dabò nou te wè, Bondye teste lafwa pa eprèv. Dr. Richard H. Seume se yon ekselan pwofesè bibliki ki te pase plizyè lanne ap soufri ak maladi ren. M ta renmen pataje ak ou kèk bagay li te di. (Sitasyon sa a se nan liv Dr. Lehman Strauss ki rele « Jak Frè nou » an ke m' pran l'). M pa pataje sitasyon ak nou paske m' konnen li pa soti nan bouch yon teolijyen ki sèlman ap pataje lide l ou yon teori ak nou, men pito yon moun ki konn soufrans, yon moun ki te pase maladi e ki konnen sa l'ap di a nan bon mamit. Me kisa Dr Seume ekri :

Lavi sou latè pa ta vo twòp anpil si yo te bezwen retire tout sous iritasyon ki gen ladan l'. Poutan, anpil nan nou revòlte

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

kont bagay ki deranje nou yo, e konte pou gwo pèt sa nou te dwe konsidere kòm gen presye. Yo di nou zuit la pi saj, lè yon objè iritan, tankou yon grenn sab, antre anban kal li, li sèlman kouvri l ak sa ki pi presye nan li a e fè l tounen yon pèrl. Iritasyon li te koze a disparèt lè l vlope l ak sibstans pou fè l tounen pèrl la. Pakonsekan, yon vrè pèrl se Viktwa sou iritasyon. Chak iritasyon ki nan lavi nou jodia se yon opòtinite pou kiltive pèrl. Plis malen ap lanse iritasyon sou nou, se plis n ap gen pèrl. Nou sèlman bezwen akeyi yo e kouvri yo nèt ak lanmou, sa ki pi presye nan nou an, e iritasyon an va kontinye adousi pandan pèrl la ap fòme. Ala yon magazen pèrl n'a gen si nou vle !

Donk sa nou te wè nan seksyon sa a se : 1) Bondye teste lafwa ak eprèv ; 2) Bondye PA teste lafwa ak saki mal ; 3) Bondye teste lafwa ak Pawòl Li ; 4) Bondye teste lafwa ak atitid e aksyon yon moun ; 5) Bondye teste lafwa ak bon zèv ; e 6) Bondye teste lafwa ak lang moun. Apot Jak te montre aklè ke lafwa otantik la va toujou evidan nan lavi kwayan an.

JAK CHAPIT 4

Tèm : Sotiz ak vid Mondanite

SOTIZ AK VID MONDANITE

Apot Jak va adrese plizyè kesyon enpòtan nan chapit sa. Kisa ki mondanite? Kòman pou yon kretyen konbat Satan ? Sa lavi ou ye ? E l va adrese tout kesyon sa yo nan kontèks sijè mondanite a.

Tou dabò Jak va reponn kesyon : Kisa ki mondanite ? M panse nenpòt kretyen nan swadizan legliz fondamatal nou yo ta ka bay

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

yonn ou plizyè repons a kesyon sa. Gen kèk ki ta reponn mondanite se kalite bagay ou patisipe ladann tankou : Ale sinema, ou ki kalite fim ou gade ? Ki kalite mizik ou renmen ? Eske w danse ? Eske w bwè ? Se bagay sa yo yo ta rele mondanite. Men eske m ka di w apot Jak pa ta dakò ak moun sa yo ?

Gen lòt moun ki ta reponn mondanite se kalite moun ou frekante, sosyete kannik ou yo. Apre tou ti pwovèb la di : « Moun ou frekante se li w ye. » Si w al banke ak yon gwoup monden k ap fè tout kalite bagay, sa vle di w landann tou, ou se yon monden. Men m byen regrèt di w si se nan egzamen apot Jak la ou te bay repons sa ou pa t ap fè mwayèn.

Gen yon lòt gwoup moun ankò ki ta va di : mondanite se kalite konvèsasyon ou angaje w landann. Ou dwe aprann konnen ki lè pou w di yon bon kout: « Beniswa Lentènèl » ou yon « Alelouya. » Pou yo mondanite se lè w patisipe nan yon konvèsasyon monden. La ankò, Jak pa ta va asepte repons sa.

Gen moun k'a di mondanite se fason w abiye. M gen nouvèl pou ou, ou pa fè mwayèn.

Gen lòt moun k'a di se yon moun ki bay fè lajan priyorite nan lavi l' anwo tout lòt bagay; yon moun ki neglije legliz, yo di yon moun konsa se yon monden. Men Jak pa ta ba w mwayèn pou repons sa non plis.

Gen moun toujou ki ta reponn se moun sa a ki pa ale legliz men ki pase tout tan l' nan jwèt foutbòl, gade televizyon ou lòt distraksyon.

A vrè di tou sa nou di la yo fè sans e nou pa di lekonn men an reyalyte se pa sa ki mondanite a. Pi fò nan peche sa yo se peche

chanèl, se pa mondanite. Si w te reponn kesyon Jak la ak yonn nan repons sa yo nou te mansyone la yo enben ou rate egzamen an, ou pa fè mwayèn. Okenn nan repons sa yo pa kòrèk. Alò konprann byen petèt yo ka reprezante sentòm maladi a men se pa yo ki maladi a answa. Sentòm pa touye moun ; se maladi ki touye moun. Tout repons sa yo se envidans vrè pwoblèm nan ki twouve l ankò pi pwofon.

Gen yon frè Henry Ward Beecher, yon pastè nan pati nò eta New York, ki te gen yon òlòj nan legliz li ki pa t janm ka bay bon lè. Donk msye mete yon ti pankad anba òlòj la ki make: "Pa blame egly yo se anndan vrè pwoblèm nan ye." Enben se sa nou bezwen rekonèt nan nou tou. Bagay nou rele mondanite yo se sèlman egly òlòj la, se anndan vrè pwoblèm nan ye.

William Thackeray, ki se yon kretyen, trete sijè sa nan woman ke l' ekri ki rele « Vanity Fair » yon fason petèt okenn lòt moun pa rive fè l. Woman an pale sou monn nan, e l sèvi lagè Napoleon yo kòm aryè plan an. Tout karaktè yo nan woman an chaje feblès ak meskinri, petètès ak jalouzi, anvi, diskòd ak konfli ; ou jwenn tout bagay sa yo. Yon lè gen yon moun ki mande Tackeray : « Poukisa nou pa jwenn kèk ewo mèvèye nan woman w yo ? Se toujou moun ensiyifyan w prezante. » Thackeray reponn : « M mete yon miwa kanpe devan lanati e m pa jwenn okenn ewo pami lèzòm. Yo chaje meskinri ak petètès ak konfli ak peche. » Rive nan fen liv la, Thackeray li fè yon travay « de maitre. » Li di : « Vini, timoun, ann fèmen bwat la ak maryonèt yo, teyat la fini. » Sa se lòm. Tankou Shakepeare te di : l « ap bat kò l pandan ti tan l sou sèn nan. » Lòm ranpli ak mondanite.

Dr. Griffin Thomas rann sa ankò pi pèsònèl lè yon moun ki te vrèman aflije yon jou te vin mande l' : « Eske w pa kwè lemonn ap vin pi krisyanize sèjousi? » Dr. Thomas reponn : « Non. M pa

kwè sa. M kwè lemonn vin yon ti jan pi relijye, men m panse relijyon an vin pi monden tou. »

Depi peryòd Dezyèm Gè Mondyal te kòmanse gen yon deteryorasyon nan miray ki separe legliz ak lemonn lan. Kalite separasyon laplipa moun te chwazi adopte a te yon seperasyon legalis, dapre mwen ki pa biblik. Epi apre Gè a, ou vin jwenn televizyon, mete ak moun ki pa respektete lalwa, imoralite ak delenkans jivenil ; pou kòmanse se te beatniks yo, pase pran hippies, answit ou jwenn dwòg ak marijuana, mete sou filozofi egzistansyalis la. Yon gwo vag te pase sou tèt miray separasyon an pase pran tou sa l jwenn sou wout li.

Pa gen yon repons senp ou yon repons tou fèt a keyson : Kisa ki mondanite ? Men m pral kite apot Jak reponn sa ke m kwè ki se repons definitiv li a. Kisa ki mondanite ? Jak di mondanite se konfli ak lanvi. Nou bezwen tounen nan chapit 3 a pou nou byen konprann fil lide li a. Li di nan Jak 3 :13 : « *Si gen nan mitan nou yon moun ki gen bon konprann, ki gen lespri, se pou l' moutre sa ak bon kondit li. Se pou l' fè sa ki byen san lògèy, men avèk bon konprann.* » Se lafwa ki sijè prensipal nan inivèsite Jak la e tout lòt sijè yo repoze sou li. Travay lafwa pwodwi dousè. Answit nou li nan Jak 3 :17 : « *Pou konmanse, moun ki gen bon konprann ki soti nan Bondye a ap fè volonte Bondye, l'ap viv byen ak tout moun, l'ap respektè tout moun, l'ap tandè rezon, l'ap gen kè sansib, l'ap fè anpil anpil byen, li pa nan de fas ni nan ipokrit.* » Gen dousè ou imilite, e imilite vle di soumisyon.

Nan Jak 3 :16 nou li : « *Paske, kote ki gen jalouzi, kote moun ap kouri dèyè enterè pa yo, fòk gen dezòd ak tout kalite mekanste.* » Sa se mondanite. E se mondanite ki pwodwi nan legliz la tout diferan kilt, denominasyon, faksyon, divizyon, ak ti klik sa yo nou jwenn toupatou yo. Gen yon lespri konpetisyon ak jalouzi nan legliz jodia. Jak, nan vèsè anvan, te dekri bagay sa yo

kòm « monden », ki vle di bagay lemonn. Se bagay sansyèl, ki vle di sikolojik. E l' satanik ou demonyak, sa ki yon bagay terib.

Kisa lanvi ak konfli pwodwi nan monn nan ? Yo pwodwi « dezòd ak tout kalite mechanste. » Donk ak bagay sa yo nan panse nou, nou ka kounyea mete sa Jak ap di la yo nan chapit 4 la nan kontèks yo.

Jak 4 :1 *Ki jan fè gen goumen ak kont nan mitan nou konsa? Kote sa soti? Sa soti nan move lanvi k'ap goumen nan kò nou.*

« Goumen » plis gen sans lagè tankou lè de peyi ap goumen, « kont » se ti boukan, ti konfli entèn nou gen pami nou yo nan legliz la.

« *Kote sa soti? Sa soti nan move lanvi k'ap goumen nan kò nou.* » Ou ta renmen fè sa w vle. « Lanvi k'ap goumen nan kò nou an » se plezi sansyèl yo. Se nan konfli ak anvi demezire e enkontwolab pou satisfè manm kò nou twoub ak kerèl ki gen nan mitan nou yo soti.

Jak 4 :2 *Nou anvi yon bann bagay. Men, nou pa ka jwenn yo. Lè konsa, nou pare pou nou touye moun. Nou anvi sa ki pa pou nou. Men, nou pa ka jwenn yo. Lè konsa, se fè kont, se goumen. Si nou pa jwenn sa nou bezwen an, se paske nou pa mande Bondye.*

Jak esplike byen klè: egoyis, ou lanvi bagay nou pa jwenn, mennen nan goumen. Lespri konfli se yon lespri monden, li pa kretyen. Sa yo se bagay ki reprezante ansyen nati a. Yon moun dwe rejenere, fèt yon dezyèm fwa, pa lafwa nan Kris e gen Lespri sen an k ap viv nan li.

Sa Jak ap dekri la a se lespri monden an. Lè lespri lemonn nan antre nan legliz, ou vin gen yon legliz monden. Zanmi, eske w panse bagay yo malouk nan yon chan batay ? Sètènman li malouk, men se konsa sa mal tou anndan kèk legliz ou anndan kè sètèn moun. Nan monn biznis la gen yon konpetisyon chen manje chen, sa se mondanite. Pati politik divize, yon gwoup vin anmè kont yon lòt. Lè patwon ak sendika reyini pou diskite, sètènman se gwo batay k ap fèt. Nan nivo sosyal, gen kèk moun k ap grinpe monte nechèl sosyal la ki pa "care" leve gwo soulye yo a mete sou men lòt ti piti ki sou wout yo. Nan katye yo, ke se pa m ke se pa w', gen vwazen ki pa pale ak vwazen. Menm nan mitan fanmiy yo gen goumen, frè kont frè. Epi lespri divizyon sa a antre legliz. Enben sa, zanmi, se mondanite.

« *Si nou pa jwenn sa nou bezwen an, se paske nou pa mande Bondye.* » Nou bezwen pote dezi nou yo devan Bondye nan lapriyè, pou L ka egzose yo, refize ou modifye yo, answit nou bezwen asepte nenpòt repons Li bannou. Kisa ki renmèd mondanite ? Se lapriyè. Donk se lafwa nan Bondye. Apot Jan di sa konsa nan 1 Jan 5 :4 : « *Paske, depi se pitit Bondye ou ye, ou kapab genyen batay la sou lemonn. Men ki jan nou fè gengen batay la sou lemonn, se paske nou gen konfyans nan Bondye.* » Respons lan se pou nou totalman fè Bondye konfyans, pou nou pwoche kote L nan lapriyè e louvri kè n ba Li. Anpil nan nou ale kote Bondye pou nou rakonte L jan nou bon. E paske n se bon ti gason ou bon ti fi ki konn ale lekòl didimanach, nou panse L ta dwe bannou yon sirèt ou yon etwal pou prezans. Zanmi nou bezwen desann byen ba jouk nan reyalite lavi nou. Konsidere sitasyon sa a yon gran pèsonaj, yon sen, yon lejann Mwayen Aj la yo rele Fenelon te fè :

Di Bondye tou sa ki sou kè w, tankou yon moun dechaje kè l', kè kontan ak lapenn li yo, a yon bon zanmi. Di l' sa k ap fè w mal yo pou l' ka rekonfòte w ; di l' sa ki fè kè w kontan

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

yo pou l ka tanpere yo ; di l aspirasyon w yo, pou L' ka pirifye yo ; di l sa w pa renmen, pou l' ka ede w venk yo ; pale l de tantasyon w yo, pou l ka pwoteje w kont yo ; montre l blesi ki nan kè w yo, pou l ka geri yo ; etale devan l' jan w endiferan pou sa ki byen, enterè deprave w genyen pou sa ki mal, jan w enstab. Di l' jan egoyis fè w fè lòt lenjistis, jan vanite ap tante w pou w pa sensè, jan lògèy degize w pou ni ou ni lòt moun pa rekonèt ou.

Si, pakonsekan, ou vide tout feblès, tout bezwen, tout pwoblèm ou yo ou pap manke pawòl pou w di. Ou pa janm fin ewpize sijè a. Li va kontinye renouvle san rete. Moun ki pa gen sekre yonn pou lòt pa janm bezwen sijè konvèsasyon. Yo pa bezwen veye sa y ap di, paske pa gen anyen pou kache, ni yo pa bezwen chache sa pou di. Yo pale dapre abondans kè yo, san rezèv, yo jis di sa yo panse. Ala beni moun sa yo ki rive nan yon relasyon si familye e si ouvè ak Bondye yo beni !

Dr. McGee di lè maladi te mete m kouche, m te fè eksperyans ke tout bagay te sèvi pou byen vre. Mwen menm ak madanm mwen te pase plis tan lakay ansanm pase okenn lòt lè depi nou te marye. Li di menm nan preyòd lindemyèl nou m te volontè legliz la. E depi lè sa a nou te toujou an deplasman. Nou reyalize gen kèk bagay nou te reyèlman bezwen diskite sinon nou te ka mal konprann yo. Nou te gen de trè bon konvèsasyon, e nou te jis louvri kè nou yonn bay lòt. Se te pi bèl eksperyans kè kontan. Lè sa a m di l : « Cheri, moman sa a pi bèl pase lindemyèl nou. » E m kwè se kalite relasyon sa yo nou bezwen gen ak Bondye.

Dape sa m' etidye nan Bib la e apre m fin li sitasyon Fenelon an, m rive nan konklisyon ke m' bezwen di Senyè Jezi tou sa ki sou kè m. M te fè sa vre. M pale ak Senyè a sou tou bagay nan vi m

ke nou ka konsidere kòm peche ou kesyonab. Li konnen, Li konprann e L' padone m.

Sèl fason w ka rerite lanvi ak jalouzi ak lespri divizyon ki nan kè w la se mennen yo kote Senyè Jezi. Ou pa bezwen al lakay sikològ, li va sèlman deplase pwoblèm ou yo soti isit ale laba. Ou bezwen ale kote Senyè Jezi pou debarase w de pwa lou sa a, chita sou kanape L' la e di L' tout bagay.

Jak di solisyon an se pwoche kote Senyè a nan lapriyè men byen souvan nou priye yon fason egoyis.

Jak 4 :3 *Menm lè nou mande, nou pa resevwa anyen, paske nou mande mal. Nou mande bagay ki pou satisfè pwòp dezi pa nou sèlman.*

Menm lè nou rive mande Bondye yon bagay, nou souvan mande sèlman nan pwòp enterè nou.

Jak 4 :4 *Ala moun pa gen konfyans nan Bondye! Eske nou pa konnen lè nou zanmi lemonn, se lènm Bondye nou ye! Moun ki vle zanmi lemonn, li vin lènm Bondye.*

Paske nou pare pou fè konpwomi ak lemonn pou jwenn sa n ap chache a apot Jak rele nou « adilteryen ». Me kòman lemonn fonksyone : pran pa fòs sa w' vle a ; Ak pèlen ou pa riz kenbe l fò anba men w ; gen lanvi ak jalouzi afè moun, epi simen zizani. Sa se lemonn.

« *Moun ki vle zanmi lemonn, li vin lènm Bondye.* » Dr. McGee di li pa janm aspète envitasyon antre nan sosyete ou klèb tankou Moose, Elks ou Rotary. Se pa envite yo pa envite l' non men l pa asepte. Poukisa ? Enben l' di se paske l déjà gen kont pwoblèm

mondanite anndan legliz li pa bezwen al cache yon òganizasyon sekilye mete sou li ankò.

M panse w kapab remake ak nou lè nou te genyen pou pwogram nan deja rive nan bout li. M trè rekonesan dèske w te pase moman sa ak nou. Mwen vle kounyea kite a avèk benediksyon Bondye Granmèt la!